

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Rumusan masalah anu dijawab dina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan kasang tukang ayana tradisi ngaruat jagat di Désa Situraja, runtuyan sarta prak-prakan tradisi ngaruat jagat di Désa Situraja, tujuan jeung mangpaat diayakeunana tradisi ngaruat jagat di Désa Situraja, sarta analisis unsur sémiotik anu aya dina tradisi ngaruat jagat numutkeun kana ulikan sémiotik Charles Sanders Peirce.

Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta metode déskriptif-kualitatif. Metode déskriptif-kualitatif téh nyaéta metode panalungtikan anu dipedar ku cara ngadéskripsikeun hasil panalungtikan dina wangun narasi sarta data hasil panalungtikanana téh lain dina wangun itungan. Téhnik ngumpulkeun jeung ngolah datana nyaéta ngagunakeun téhnik studi pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Anapon instrumén panalungtikan anu digunakeun nyaéta pedoman wawancara, catetan lapangan, *handphone*, jeung kamera.

Masarakat Désa Situraja téh bisa disebut masarakat anu euyeub ku kabudayaan. Hal éta bisa katitén tina unsur-unsur budaya anu masih kénéh aya di masarakatna, nya éta dina: (1) upacara-upacara kaagamaan anu masih kénéh sok dilaksanakeun ku masarakat; (2) sistem kekerabatan masarakat anu diébréhkeun ngaliwatan gotongroyong; (3) sistem pangaweruhna ngeunaan itung-itungan waktu (palintangan), cara ngolah sawah, jeung atikanana; (4) basa anu digunakeun dina kahirupan sapopoéna, nya éta basa Sunda; (5) ayana kasenian tradisional anu masih kénéh dilaksanakeun diantarana jaipongan, ketuk tilu, terebang, dogdog, sarta tayuban; (6) pakasaban anu leuwih nyoko kana tatanén, sarta; (7) sistem téhnologi jeung pakakas hirup masarakatna kiwari geus loba anu ngagunakeun téhnologi *modern*, sarta masih kénéh aya anu ngagunakeun pakakas tradisional, upamana dina wangun imah, pakakas tatanén, jeung pakakas sapopoé.

Tradisi ngaruat jagat téh nya éta tradisi asli masarakat Désa Situraja anu geus aya ti jaman baheula sarta diwariskeun sacara turun-tumurun. Sajarah ayana tradisi ngaruat jagat di Désa Situraja téh raket patalina jeung karuhun-karuhun baheula anu geus nyieun éta lembur. Ayana tradisi ngaruat téh patali jeung kolot-

kolot baheula anu geus ngababakan éta lembur, nata jeung ngolah taneuh pikeun kahirupanana. Ku kituna, pikeun ngahormat jeung ngadoakeun kana jasa-jasa karuhun baheula anu geus nyieun éta lembur, sarta sangkan masarakatna teu mophohokeun kana éta jasa karuhunna, masarakat Désa Situraja tiap taun miélingna ku cara ngayakeun tradisi ngaruat jagat. Masarakat Désa Situraja museurkeun éta tradisi ngaruat lembur pikeun ménta kasalametan ka Pangéran, sarta salaku wujud rasa sukur ka Pangéran lantaran geus dipaparin mangrupa-rupa ni'mat. Dina prak-prakanana éta tradisi ngaruat jagat téh sok dilaksanakeun ku cara ngariung sukurana bari maké sasajén sarta ngukus anu seungit-seungit (menyan), ngintunkeun solawat jeung doa ka Kanjeng Nabi, dahar babarengan, sarta sok dipungkas ku acara hiburan.

Ulikan ngeunaan unsur sémiotik (ikon, indéks, jeung simbol) anu aya dina tradisi ngaruat jagat téh bisa katitén tina runtulan acarana, pakakas-pakakas kalengkepan, sarta bahan-bahan (sasajén) anu digunakeun dumasar kana hasil wawacara sabada panalungtikan. Ikon anu kapanggih dina tradisi ngaruat jagat di Désa Situraja téh aya opat nya éta tumpeng, jawér kotok, jambé, jeung sawén. Indeks anu kapanggih dina tradisi ngaruat jagat di Désa Situraja téh dalapan nya éta tradisi ngaruat jagat, sasajén, daun awi, seungitna menyan, seungitna cai kopi, seungitna haseup roko, sora anu ngadoa, jeung sora tatabeuhan. Simbol anu kapanggih dina tradisi ngaruat jagat di Désa Situraja téh aya dua puluh nya éta parukuyan, roko surutu, menyan, rampé/seuseungitan, cai herang, cai kopi pait jeung cai kopi amis, bubur beureum jeung bubur bodas, tumpeng, seupaheun, jukut palias, bakakak, rurujakan, dewegan, tangtang angin, bungbuahan jeung beubeutian, nyiru, hanjuang, sawén, sarta paré geugeusan.

Dina tradisi ngaruat jagat téh euyeub ku siloka jeung ma'na-ma'na anu ngawujud dina wangun ajén-inajén. Éta ma'na-ma'na anu nyampak téh kudu dipikanyaho ku nonoman atawa rumaja kiwari ogé ku generasi sanggeus urang. Éta ma'na-ma'na anu nyampak téh bisa dijadikeun dasar ku masarakatna dina ngalakonan kahirupan sapopoé, sarta bisa ngeuyeuban jeung nambahang pangaweruh katut informasi anu dibutuhkeun ngeunaan tradisi ngaruat jagat di Désa Situraja.

5.2 Implikasi

Tradisi ngaruat jagat di Desa Situraja Kecamatan Situraja Kabupaten Sumedang mangrupa salah sahiji upacara tradisi anu beunghar kabudayaanana sarta ngeuyeuban rupaning budaya di tatar Sunda. Panalungtikan ngeunaan tradisi ngaruat jagat di Desa Situraja tangtu ngabutuhkeun sababaraha *elemen* masarakat pikeun jadi objék sarta narasumber dina ieu panalungtikan. Kabeungharan budaya di tatar Sunda hususna dina tradisi ngaruat jagat di Desa Situraja ditalungtik sangkan bisa méré mangpaat, salah sahijina mangpaat pikeun dokuméntasi kabudayaan.

Dokuméntasi kabudayaan lian ti miboga mangpaat sangkan entragan saterusna apal kana adat-istiadat jeung kabudayaan éntragan saméméhna, ogé bisa dimangpaatkeun keur kabutuhan séjén, saperti pikeun ngeuyeuban data atawa dadasar panalungtikan anu aya patalina jeung budaya, sarta bisa dijadikeun udagan atawa babandingan pikeun panalungtikan ngeunaan kabudayaan hususna di tatar Sunda.

5.3 Rékomendasi

Panalungtikan ngeunaan tradisi ngaruat jagat di Desa Situraja Kecamatan Situraja Kabupaten Sumedang tangtu loba kénéh kurangna, kawatesanan ku waktu, cara ngumpulkeun data sarta sampel masarakat anu jadi narasumber ogé hal-hal séjén anu patali jeung metode ngeunaan panalungtikan masih kénéh kudu dilengkepan. Kabeungharan budaya dina ieu tradisi sabenerna loba kénéh, lantaran ieu panalungtikan kawatesanan jeung museur kana hiji hal, ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan anu leuwih daria kana hal-hal séjén anu patali jeung ieu tradisi.

Salah sahiji objék anu ngirut sarta bisa dijadikeun panalungtikan di ieu tempat nyaéta rupa-rupa kasenian anu sok dipintonkeun sabada lumangsungna tradisi ngaruat jagat. Saperti celempungan, calung, kacapi suling, terebang, ketuk tilu, jeung tayuban. Sababaraha kasenian éta bisa ditalungtik sarta bisa didokuméntasikeun pikeun daptar kasenian anu aya di tatar Sunda.